Airin Cahyani, dkk

Gurit Rinujit

Kumpulan Geguritan Jilid 2

Editor: Wahyu Fajar Budi Adi, S.S. dan Ngatiyem, S.S

Gurit Rinujit : Kumpulan Geguritan Jilid 2
©Airin Cahyani dkk, 2023

QRCBN: 62-2115-5241-977

Judul Buku:
Gurit Rinujit: Kumpulan Geguritan Jilid 2
Penulis Buku: Airin Cahyani, dkk
Editor: Wahyu Fajar Budi Adi, S.S. dan Ngatiyem, S.S.
Layouter: Andri Saptono
Book Cover Design: Dluwang

Penerbit:
Surya Pustaka Ilmu Grup
Kebonagung RT.7/6. Suruh. Tasikmadu
Karanganyar. 57761
office 087825112285
www.suryapustakailmu.com

All right reserved
dilarang memperbanyak sebagian atau seluruh tulisan
tanpa ijin dari penulis dan penerbit
iv + 150 hlm; 140 x 205 mm

DISCLAIMER

Buku kumpulan puisi ini diterbitkan oleh SMAN 1 Karanganyar untuk Program Sekolah Adipangastuti, Solo Bersimfoni dengan dukungan Pemerintah Australia melalui program Australia Indonesia Partnership for Justice 2 (AIPJ2). Pandangan dan isi dalam buku ini merupakan ekspresi para penulis. AIPJ2 dan Departemen Luar Negeri dan Perdagangan Australia (DFAT) tidak bertanggung jawab secara hukum atas materi yang tercantum dalam dokumen ini

PURWAKA

Drs. Sardiyo, M.Pd
Kepala Sekolah SMAN 1 Karanganyar

Puja Puji pudyastuti syukur mugi ku njuk dhumateng Ngarsa dalem Allah SWT, awit sih nugrahanipun dhumateng Kula lan panjenengan sami. Karana awit barokah lan inayahipun, Siswa–siswi SMA Negeri 1 Karanganyar, sampun kepareng hangrakit lan ngaturaken Antologi Geguritan Jilid 2 kanthi irah irahan '**Gurit rinujit jilid 2**'.

Ing jagading sastra Jawa, geguritan boten namung winates rerangkening tembung-tembung kang tanpa makna. Yektosipun rerangkening tembung kang ajaib. Rererangkening tembung kuwawi paring kesadharan, njurung lan ugi saged ndayani. Mekaten jugi pangangen-angen, Albert Einstein ujar bilih pengangen angen utawi imajinasi langkung wigatos tinimbang kawruh utawi ilmu pengetahuan. Miturut adharanipun bilih elmu pengetahuan menika sarwa winates, katandhingaken imajinasi utawi pengangen angen ingkang tanpa wates.

Buku antologi geguritan 'Gurit Rinakit' menika kawujud awit sedaya labuh labet warga SMA N 1 Karanganyar lan Solo Bersimfoni Awit saking menika kula ngaturaken agenging panuwun ingkang tanpa umpami. Geguritan, lan ugi karya sastra sanesipun yektos saged njembaraken wawasan, ngiyataken karakter, ngalusaken budi pekerti, sarta ngindhakaken kawruh lan kaprigelan basa. Mugi kanthi terbitipun antologi geguritan menika saged andadosaken majeng pangetraping kakrakter para warga sekolah sesambetanipun kaliyan pangetraping Hasthalaku, nuwuhaken budaya literasi, sarta ngindhakaken daya imajinasi lan kreatifitas.

Antologi geguritan Gurit Rinujit' menika taksih kathah saking kasampurnan. Pramila awit saking menika pamanggih sarta panyaruwe tansah punantu-antu murih saenipun seratan menika. Mugi SMAN 1 Karanganyar, SMA Adipangastuti sageda tansah Nyawiji, Sawiji, Prestasi, Lestari !

Editor:

Wahyu Fajar Budi Adi, S.S.

Ngatiyem, S.S.

Daftar Isi

PURWAKA iii
Keragaman Indonesia 7
Kelangan 8
Gotong Royong 9
Harmoni Budaya 10
Kidung Nuswantara 11
BUMI WARNA WARNI 12
Alam Raga 13
Hasthalaku ing Kalabendu 15
Krigan 16
DEMOKRASI DUDU DEMO CRAZY 17
GUYUB RUKUN 19
Gotong Royong 20
Swasana Desaku 21
SAYUK RUKUN 22
Esemmu 23
BUMIPUTRA 24
Gotong Royong 26
Gotong Royong Kang Utama 27
Tuturan Wigati 28
Milih Mardika 29
KERUKUNAN 30
Nyawiji Ing Lebeting Benten 31
Kerja Bakti 32
Wujudake Bhinneka Tunggal Ika 33
Lunture Hasthalaku 34
GUYUB RUKUN 36

GOTONG ROYONG 37
Persatuan 38
GOTONG ROYONG..... 39
Gotong Rotong Sayekti 40
Keragamanipun Negara Indonesia..... 41
GOTONG ROYONG..... 42
Gotong royong..... 43
Kerja Bakti..... 44
Satu jua..... 45
Indonesia kang Siji 46
Prabeda Ora Dadi Perkara 47
Gotong Rayong..... 48
Hastalaku..... 49
KERUKUNAN..... 50
Indonesia Negara Adidaya 51
Bhinneka Tunggal Ika..... 52
IBUKU KANG LEMBAH MANAH 53
Gotong-royong 54
Surga Sabar lan Ikhlas..... 55
Lingkungan 56
EWUH PEKEWUH MARANG LIANE..... 57
BHINNEKA TUNGGAL IKA..... 58
"Beda-Beda, Tetep Kudu Siji" 59
Gotong Royong..... 60
Tepa Slira 61
Tresna kaliyan tanah air..... 62
Sembah Pujaning Ati 63
KATRESNAN MARANG WONG TUWO 64
Guyub Rukun..... 65
Pusakaning Indonesia..... 66
Garuda Pancasila Didadaku..... 67
Gugur Gunung Nyawiji 68
Jumat bersih 69

Andhap Ashor? 70
Nyawiji ing Sinoman 71
Guyub Rukun 72
Nyawiji Ing Prabedan 73
Nyawiji Ing Raga 74
EWUH PEKEWUH 75
Bareng-Bareng Awak Dhewe kuat 76
GUYUB RUKUN 77
PASATEMON 78
Provokator 79
Minggu resik 80
GOTONG ROYONG 81
Ibu Pertiwi 82
Indonesia Raya 83
Reresik Desa 84
Bekti Marang Pertiwi 85
Negriku 86
Rewang 87
Aja Gumedhe 88
Manunggal Ing Prabeda 89
Sareng-Sareng Rukun lan Damai 90
Grapyak Marang Kabeh 91
Gotong Royong 92
PARA TANI 93
GUYUB RUKUN 94
Kesatuan ing Keragaman 95
HASTALAKU 96
Minggu kudu Resik 97
ANDHAP ASOR 98
Tepa Slira 99
Mungguh Basa 100
Andhap Ashor 101
Gotong Royong 102

Desaku Tresnaku 103
Gotong Royong..... 104
Ilange Garudaku 105
Guyub Rukun 107
Nyawiji 108
Beda Cen Ora Pada 109
Gegayuhan Bisane kasembadan 110
BENTEN NIKU ENDAH..... 111
Ayo Gotong Royong..... 112
Andhap Ashor..... 113
Gotong royong..... 114
LEMBAH MANAH..... 115
Gotong Royong ing Desaku 116
Dina Minggu 118
Grojokan 119
GOTONG ROYONG..... 120
Guyub Rukun Marang Manungsa..... 121
Guyup Rukun..... 122
GOTONG ROYONG..... 123
Gotong Royong..... 124
LEMBAH MANAH 125
GRAPYAK SEMANAK ING PAWIYATAN 126
GRAPYAK SEMANAK 127
HASTHALAKU 128
Guruku Pelita Jiwaku 129
BHINEKA TUNGGAL IKA 130
GUYUP RUKUN 131
Gotong royong..... 132
Andhap Ashor..... 133
Gotong Royong..... 134
Gotong Royong..... 135
GUYUB RUKUN 136
Gugur Gunung..... 137

Bekti lan Andhap Asor 138
Lathi 139
Pawiyatanku 140
Gotong Royong..... 141
Gotong Royong..... 142
Sumunaring Bagaskara 143
Indahing Guyub Rukun..... 144
Guyub Rukun..... 145
Sayuk Rukun 146
TANGGA TEPARO 147
Tlatah Jawa Lan Budayane 148
Dhusun 149
Gotong Royong ing Sekolah 150
Tata Krama 151
Andhap Asor..... 152
Ewuh Pekewuh..... 153

Keragaman Indonesia

dening Afifah Misbah Naura

warna werni budaya, basa, lan adat istiadat
nyawiji jero kaendahan ora terduga
bhinneka tunggal ika, persatuan kang lestari

sanadyan awake dhewe seje
nanging siji uga sanadyan dudu siji golongan,tetep sasedulur
awake dhewe, yaiku indonesia

ing ngisoring langit kang padha,
awake dhewe nuduhake ngimpi,
bhinneka tunggal ika, indonesia tresna lestari jero jiwa awake dhewe.

Kelangan

Agung Prasetyio Wahyu Pamungkas

Kelangan....
Kelangan ngrangkul peteng,
Kangen esem sing saiki ilang,
Ing atiku susah murub,

Kenangan sing isih ana dadi bandha sing digawe,
Ora bebarengan maneh ing Donya Iki,
Mung dadi pering ing Jero ati,

Saiki mung kenangan,
Ing ngisor langit biru,
Mundhut ninggalake bekas sing ora bakal dilalekake,
Kelangan....

Gotong Royong

Ainni Tulus Rinduan

Wis dadi kodrate
Manungsa ora bisa urip dhewe Saka Lair tumekeng patine
Tansah gumantung sepadhane

Mula kita kabeh nyiptakake gotong royong
lingkungan kang padang
Supaya tansah seneng
Hasile indah kedeleng

Gotong royong kanggo sehatne warga Mulane gotong royong dijaga
Supaya desa tetep tumata Masyarakat urip kanthi reja

Harmoni Budaya

dening Airin Cahyani

Ing jagad raya, akeh budaya lan basa,
Bhineka Tunggal Ika, kula anggep rasa,
Urip makarya, padha nyuwun pangapura,
Tansah mriksa rasa, lan mulya ing batin.

Mlaku bareng, kaya siji kaluwarga,
Rasa paseduluran, dadi kakuwataning bangsa,
Nguri-uri budaya, adat, lan tradisi,
Kulo ngaturaken salam, pangeran senajan semanten.

Bhineka Tunggal Ika, tansah tak gegemt,
Kula wong Jawa, kula wong Indonesia, Ngerti marang liyane, lan mriksa kang sejati, Ing bumi nusantara, tegese kekuatan jiwa.

Kidung Nuswantara

dening Alfaras Rizky Aswinanda

Lemah nuswantara kang endah
Maneka warna adat, basa, lan budaya
Ing keragaman, kita nemokake kekuwatan
Indonesia nyawiji ing persatuan

Saka Sabang nganti Merauke
Gumelar segara jembar penenang ati
Ewon pulo kang dadi saksi
Perjuangan para leluhur kang nyawijekake bumi iki

Aja nganti nglalekake
Aja nganti ninggalake
Bhinneka Tunggal Ika, pesen luhur saka pejuang bangsa
Bhinnela Tunggal Ika, jantung para penerus Nuswantara

Njangkah sinambi nggandeng tangan
Pinuju siji titik
Pinuju bhinneka tunggal ika
Gegayuhan nuswantara

BUMI WARNA WARNI

Alfiandra Prima Fatahilah

Ing bumi berwarna warni iki kita ngadeg
Ketangsul menyang suatu kebangsaan
Bhineka Tunggal Ika,sareng kita menyatu
Bersatu ber Bhineka Tunggal Ika
Kesebar pinten-pinten pulo nyebar dhateng daerah²ipun
Estu sugih nagari kula
Budaya maneka macem
Membentang saking sabang nganti merauke
Bersatulah terus hee bocah nagari
Manah damai,tresna kangge sedaya jiwa
Abadikan persatuan
Kula berjanji ajeng nresnani nagari puniki dumugi ajal menjemputipun kula dumugi.....
Kulo nyawiji kalih tanah katresnan

Alam Raga

Anggun Jelita

Mripat kula kebikak
Sumerep alam ingkang luar biasa
Alam ingkang kados puniku manja aruh-aruh
Nyukani kenyamanan ing jiwa

Disusut kidul, dibagian lering
Wit wit berseri mancarakken esemanipun
Seganten ingkang berombak alun angin
Ingkang berhembus kalih santainipun

Kula ngadeg wonten pinggir waduk
Ngandhap langit ingkang mbentang
Ngraosaken nagari kalih keindahanipun Indonesia
Ingkang kula sayang
Indonesia ingkang endah
Saha kathah budaya
Kathah pambeda
Ananging ora anggawe trah ing negara

Indonesia kalih beribu kaendahan

Alamipun mancaraken aura pemikat

Kangge nglestantunipun

Sukanan gusti ingkang kedah dipunjagi dados raos

Syukur kalih piyambakipun

Hasthalaku ing Kalabendu

dening Artika Sari Sativa Putri

Cah enom jaman saiki
Opo reti iku hasthalaku
Hasthalaku iku agemane wong Jawa
Kok podo ora kelingan?
Opo podo kisinan ngagem Hasthalaku?

Kudune wong Jawa
Ojo ngasi ilang Jawane
Mergo iku...
Senajan dadi wong Jawa
Kudu njaga lan ngamalaken
Hasthalaku....

Hasthalaku iku antarane kang
Gotong royong, dadi wong sing gapryak semanak
Rukun lan lembah manah
Ewuh perkewuh, pangerten
Andhap anshor lan tepa slira dadi manungsa
Biografi Penulis

Krigan

dening Arya Tamtama Putra

Ing Jero bedo awake Dewe bersatu,

Jero kerjasama, awake Dewe berjuang bareng.

Tangan kang seje, tujuwan kang padha

Nyawiji Jero ngimpi, nggayuh cita.

Ora ana ego, ora ana tembok,

awake dhewe bahu membahu, terus beriring

Kerjasama, kuncine kebrasilan, mujudake ngimpi, ngebaki tujuwan.

Bareng awake dhewe kuwat, ora terkalahne,ngadepi badai, bareng ngadek.

Kerjasama, sinergi kang luar biasa, bareng, awakdewe njelajahi masa

DEMOKRASI DUDU DEMO CRAZY

Calvin Arka Kirana

Wis ora jamane
Pada rebutan balung tanpa isi
Kang tundhone
Bakal eker-ekeran dewe
bakal ana pasulayan
Malah-malah banjir getih

Aku lan kowe
Kudune matur nuwun
Wis diparingi papan
Kang endah
Kebak warna-warni isine

Papan pangibadahmu
Uga kari milih
Mesjid-mesjid, gereja
Wihara lan candi
Mung kari karebe atimu

Uwis

Dilereni anggonmu
Rebutan balung tanpa isi
Ayo nyawiji ing ati kanggo Indonesia

Biografi menulis
Nama : Calvin Arka Kirana
Moto hidup
Manusia tidak setara yang membuat mereka setara hanya lah kematian

GUYUB RUKUN

Dimas Suryo Rohmadhona

Wus dadi kodrate
Manungsa tan bisa urip dhewe
Saka lahir tumekanh patine
Tansah gumatung sapepadhane

Mula Urip, gotong royong kang pinarti ing telenging Nala
Tindakna nganti kepeksa
Kudu Lila legawa
Sepi ing pamrih rame ing gawe
Mempeng makarya kiwakna sesulih

Kabeh prakaryan linakwan
Kanthi seneng ulat padhang Tan nggersula
Urun bau suku,panggalihan,apadene redhana
Kanthi dasar karukunan
Mahanani bebrayan kang tata tentrem Karta raharja

Gotong Royong

Erma Fatimah Damayanti

ayo para kanca
sareng sareng gotong royong
ngresiki desa
supaya lingkungan saya asri

gotong royong
nyingkerake sampah sing gawe peteng
dalan lan selokan diresiki
suket rengket dibabati

gotong royong kui perlu
supaya padha sehat lan nyaman
supaya nambah kerukunan
masyarakat padha urip mulya

Swasana Desaku

Fahra Virnada Ayuni Dewi

Tak sawang swasana desaku esuk iku.
Mripatku nyawang gemruyuke para tangga.
Hawane seger marai ati ayem.
Jeronjng swasane tentrem lan mardika.

Tangga teparo iku sedulur cedhak sabendinane.
Aja nganti ana cecongkrahan.
Utawa nggawe lara ati.
Gayub rukun karo tangga teparo bisa ndadekake ayem tentrem.

Sega sepiring bisa dinikmati bebarengan.
Aja mundak pelit marang tangga dhewe.
Senajan jaman tansayu maju.
Guyub rukun marang tangga aja nganti luntur lan dilalekake

SAYUK RUKUN

Fayza Faatin Pramuningtyas

Endahe nalika urip bebarengan
Ora lali marang andhap asore
Ngajeni siji lan sijine
Gotong royong dadi saranane
    Bebasan mau gambarake sayuk rukun
    Abot padha disanggu dirasa bebarengan
    Pagaweyan abot dadi entheng dadine
    Nalika dilakoni bebarengan
Gotong royong ndadekake urip kang nduweni makna
Ngajeni marang liyane
Senasib disangga bareng
Mbangun majune sawijining bangsa
    Nanging saiki,
    Gotong royong wes ilang
    Nalikake kepentingan pribadi
    Bebarengan uwis ilang
    Bangsa lali marang sanak sedulure

Esemmu

Gidhan Dhanu Permana

Esemmu Marai Bungah Atiku
Lugumuu...
Santunmu...
Garai Segan Perasaan iki

Basamu Karo Wong Tuwa
Panggawe Tentrem Panggonan
Esemmu Jan Koyo Srengenenge

Ewuh Pekewuh Kui
Kang Becik Kudu Diterepne
Menenge Uwong Kui
Niteni Polahmu

Biografi Penulis:
Jenengku Gidhan Dhanu Permana.
Motto uripku 'yitna yuwana lena kena'

BUMIPUTRA

BUMIPUTRA

Indonesiaku, lemah awakku lair
Saka sabang kanthi Merauke
Saka wetan jedule srengenge
Kanthi kulon tibane srengenge
Lemah ingkang kaya surga
Nusantara

Indonesiaku, Negeriku
Indonesia lemah bumiputra
Lemah kang sugih
Sugih suku, sugih budaya
Sugih prabeda

Ndelok Langit Sulawesi
Panggonan njedule srengenge
Ndelok lemah nggonku mlaku
Bumi ingkang loh jinawi

Indonesiaku, Negeri kang kebak perbedaan
Koyo dene semboyanku

Bhinneka Tunggal Ika

Tulisan kang ditulis ana ing pita

Pita seng digawa karo Garuda

Bhinneka Tunggal Ika
Semboyan ingkang dudu sembarang semboyan
Senajan beda nanging tetep nyawiji
Siji pedoman, siji negara
Siji Basa, siji lemah kang dipidak

Ngapa kudu beda?
Kowe takon? Aku malah luwih takon
Ngapa nek bedo
Senajan beda, ananging tetep padha

Senajan beda suku, nanging padha Indonesia
Senajan beda agama, nanging tetep Pancasila
Senajan beda basa daerah, nanging padha basa persatuan
Senajan beda pulau, nanging tetep padha Nusantara

Sak akeh-akehe perbedaan, Nanging tetep ana sing padha
Beda ana dinggo mbedakke, Dudu dinggo misahke
Prabeda ana dinggo nyawiji, dudu mecahke
Beda ananging tetep siji
Indonesia, Bumiputra

Gotong Royong

Mariska Azahra

Kegiyatanku saben dina minggu
Adhiku, Kangmasku, Bapak lan Ibu
Ora keri uga tangga kita tengenku

Piranti sing dienggo yo saanane
Kabeh duwe kewajiban dhewe-dhewe
Aku njabuti suket, masku ngresiki got-e

Reregee wis ora ana
Sinawang Katon tumata
Awak sehat ra ana sing lara
Biografi
Mariska Azahra
Motto "Urip iku urup"

Gotong Royong Kang Utama

M.ain al jamil

Dinten libur ing dusun
Satunggaling pakempalan kang tansah rukun
Ingkang dipun rembag perkawis dusun
Bersih lingkungan program kasusun

Gotong royong maju bareng
Nyingkirake lingkungan pepeteng
Supaya tangah seneng
Indah kadeleng

Kanggo sehate warga
Gotong royong monggo dijaga
Supaya desa tetep tumata
Masyarakat urip kanthi reja
Biografi:
Nama: M.ain al jamil
Motto hidup:bersatu dalam melakukan gotong royong

Tuturan Wigati

Muhammad Hafiz Fathoni

Mlebu metune suwarga lan neraka
Padhang utawa mendunge angkasa
Uga bisa kagawe ing pangucap rasa
Saka kene…
Perang bisa karipta
Sayuk rukun uga bisa cinipta
Saka gruwung iki
Manungsa katon cetha
Diri pribadi ing solah bawane
gurung kuwi tuturan
Mbuh sakarepmu thok kapake
Tuturan kuwi duwekmu
Kowe sing kudu gunake,
Kowe sing bakal ngunduh asile

Milih Mardika

Muhammad Jefri Al Bukhori

Kamardikan iki awak dewe sing milih,
Awak dewe sing mengeni,
Ora wedi karo resiko sing diadhepi,
Tetep kamardikan seng di pengeni,
Curahan kringet lan getih,
Wong-wong sing setya,
Aja ngasi dilalekne,
Kamardikan iki ora gampang digayuh,
Amarga akeh korban jiwa sing gugur,
Kanggo ngayuh kamardikan,

KERUKUNAN

Nadin Berliana Moto

Kerukunan
Apa kowe ngerti.....
Menawa sik luwih endah
Seka segara wedhi putih?
Yaiku prabeda

Apa kowe ngerti
Apa sik luwih endah
Seao langit kang biru, ya kuwi karukunan

Apa kowe ngerti
Apa sing agawe pikiran seger
Seko ijone pegunungan?
Ya kuwi prabeda kang tudhone dadi karukunan

Nyawiji Ing Lebeting Benten

Nafi'ah Khoirunnisa

Pesen luhur satunggaling bangsa
Wonten bantala kita, Indonesia
Kedamel dados kesugihan kang nyata
Dados kekuwatan ing manah kita

Kathah ras, basa, agama, saha budaya
Ananging ing lebeting manah
Tansah nyawiji saha dadi siji
Ngerteni nilai luhur ugi kawruh sejati
Wujudaken persatuan saha kesatuan

Sami-sami kita gandengan asta
Tanpa benten ras, agami, saha budaya
Kita Indonesia ing penjuru bantala donya
Becik lan ala tansah nyengkuyung Bhinneka

Kita satunggal tresna
Sami-sami nggadahi tepa slira
Gabungaken benten kita
Kangge nyawiji ugi dadi siji
Ing bumi pertiwi kita, Indonesia

Kerja Bakti

Nathan Satya Pradiptha

Gotong royong iku salah siji
Budaya Jawa sing patut dijaga
Maknane ora mung kerja bareng
Nanging uga nguri-uri rasa tulus lan ikhlas

Ora mung kanggo wong sing duwe kekadangan
Nanging uga kanggo wong sing beda latar belakang
Kerja bareng tanpa beda-bedakane
Mbangun desa, negara, lan dunia

Gotong royong iku budaya Jawa sing luwih tinimbang emas
Sing bisa nglestarake keharmonisan lan kesejahteraan
Sing bisa ngrawate konflik lan kesulitan
Sing bisa njaluke urip luwih berkah lan barokah.

Wujudake Bhinneka Tunggal Ika

Reffi Tri Yuliano

Indonesia yaiku negaraku sing tak tresnani
Nduweni budaya, bahasa lan adat istiadat sing kathah
Ora lali alam alam sing asri lan endah

Burung garuda sing gagah kar dadi lambang negaraku
Njerone ana pancasila sing dadi pedoman uripku
Nduweni makna berbeda beda tetapi tetap satu jua

Awakedewe beda ing ras, suku lan bahasa
Nanging ora ngalangi awakedewe nggawe beda
Terapna nilai pancasila kanggo wujudake Bhinneka Tunggal Ika

Lunture Hasthalaku

Renata Xalisa Putri

Kababar ing sawijining dhuhkita
Lunturing budaya
Kang wus katata
Hastalaku marang sedaya

Negara Indonesia
Ingkang endah
Lan sugih budaya
Memayu hayuning bawana
Musthika tandha

Ngapa kok kudu kaya wit gedhang
Nduwe jantung
Ananging ora nduwe ati
Menungsa duwe ati
Ananging ora bisa ngregani
Ora pangerten kok digondheli

Mbok sing grapyak semanak marang wargane
Supaya alus luhur budayane

Prasaja tumindake lan pantes agemane
Tepa selira marang sasama
Ora gumedhe
Ora mentingne awake dewe

Mbok pada gotong royong
Apa padha ora seneng rukun marang sasama?
Sawang sinawang marang liyane
Supaya ora ladak kecangkrak
Supaya nduwe rasa ewuh pekewuh

GUYUB RUKUN

Resa Pratiwi

Guyub rukun bebarengan
Salah sawijining watak sing becik
Watak sing kudu diduweni
Guyup andeduweni watak sek gawe tentrem ati

Guyub rukun
Dadi wong kang kudu rukun
Guyub tegese ngelakoni bebarengan
Rukun iku ora tukaran lan ora padu
Supoyo tentrem urip ing donya iki

Bebrayan welas asih marang lianne
Ati kang trenyuh marang sapadha
Mbagun ketentraman marang bebrayan
Ugi tindakno marang sapadha padha

GOTONG ROYONG

Rima Astra Ananda

Wit nari ing esuk dina
Uwuh pating slebar mrana mrene
Dheweke kabeh kang berhati mulya
Nyulik uwuh kang ana

Gotong royong iku wigati? wigati banget
Gotong royong bisa memererat kekeluargaan
Karo gotong royong bisa munculake sipat persatuan lan kesatuan
Jero gotong royong ora ana pangkat
Kabehing masarakat kalungguhan padha
Padha karo masarakat laladan kasebut.

Enom utawa tuwa
Tansah digarap bareng
Entheng menawa akeh uluran tangan
Abot menawa ing junjung dhewekan
Dhewe krasa suwe
Cepet menawa bareng

Persatuan

Salsa

Ing njero perbedaan kita padha nyawiji
Kaya dene ayu warna pelangi
Atine manunggal, ora ana kang rusak
Manunggaling kawulo nuwuhake kabegja

Bebarengan kita kuwat, ora bisa pecah
Kaya kali sing mili bebarengan.
Sapa wae kita, saka ngendi asale,
Manunggaling Kawula Gusti dadi pilar sing kita andalke.

Kita bebarengan, ora ana sing misah,
Ing manunggal, kita nemokake kekuwatan sejati.
Tangan kita bebarengan mbangun masa depan sing padhang,
Manunggal dadi pepadhang sing nggawa pangarep-arep.

GOTONG ROYONG

Rosidaningsih Hamidah

Ing desa cilik sing tansah rukun
Warga gotong royong , gotong royong mbangun
pasedulutan Nggawe jembatan ndandani dalan
Nyulam kebersamaan nguatake persatuan

Enom tuwa jaler estri
Kabeh podho kerja bakti
Nyambut gawe kanthi seneng ati
Supaya lingkungane tetep asri

Gotong royong pancen nyata
Dinggo srana karukunane warga
Supaya desa tetep tumata
Mula gotong royong kudu dijaga

Gotong Rotong Sayekti

Syabela Nova Primadani

Gotong royong, budaya agung
Becike kudu disengkuyung
Rukun, damai, dilakoni bebarengan
Salam sopan lan santun, konsonan sing sejati

Ing desa uga ing kutha
Gotong royong kang tumata
Nyawiji nguripi
Supaya tetep lestari

Wong kang sabar
Sabar marang wong liya, urip rukun urip tentrem
Gotong royong, wujud kesatuan
Batin kang tentrem, jiwa kang tentrem

Bareng-bareng nglakoni, tangan bareng gumuyu
Ngajeni sukma, pambudi laku
Marang ajaran leluhur kang jujur
Kita sedulur, rukun sajati

Keragamanipun Negara Indonesia

Zhafira Arsyafa Ramadhani

Indonesia
Tanah kelairanku
Tanah ingkang duweni katah perbedaan
Saka sabang nganti merauke
Wiwit sangka suku, agama, lan ras ingkang duweni perbedaan

Burung Garuda
Ingkang muni Bhinneka Tunggal Ika
Lambang persatuan negara kita
Negara Indonesia
Negara ingkang nerapaken sistem patriotisme

Katahipun perbedaan
Ora dadikne Negara Indonesia dadi sawijining perpecahan
Justru perbedaan ikulah
Sing dadikne Negara Indonesia dadi negara kesatuan
Kaya makna sangka Bhinneka Tunggal Ika
Berbeda beda tetapi tetap satu jua
Ikulah Negara Indonesia

GOTONG ROYONG

Adek Isnaini Choiriyah

Endahe Panguripan
Kabeh dilakoni bebarengan
Gotong royong
Kanggo ancas kang padha

Kroso abot yen dewekan
Nanging bakal entheng yen bebarengan
Kuwi kebersamaan
Gotong royong

Wong jawa
Ojo ilang jawane
Gotong royong kudu dilestarikake
Supaya padha tentrem atin

Gotong royong

Aditya Evanda Hariyanto

Persatuan iku identik karo bangsaku
Kabeh waktu
Katon kaya wong akeh sing bersatu
Di barengi swasana sing anget

Wektu mili cepet tanpa wedi
Ing saben pojok ana tampilan harmoni

Rencana kanggo nyolong sampah saka wilayah
Kanggo nyukupi kebutuhan tong sampah
Bersih lan apik kanggo dipikir
Adem kaya hawa pegunungan
Jumlah e ora jadi alasan
Aja kesed lan mung sambat
Impen mewujudkan saiki terwujudkan

Kerja Bakti

Adyan Raffa Zaidana

Reresik desa kang asri
Enom tuwa jaler estri
Sakkabehe enten mriki
Bebarengan kerja bakti

Guyub rukun tansah nyawiji
Mundhi dhawuh sang bupati
Murih lingkungan resik ayem lan asri
Bisa kepet-kepet sedina sewengi

Satu jua

Affan Rafiif

Indonesia
Kathah pulo, kathah basa lan budaya
Negari ingkang sugih
Benten basa , benten agami, benten ras, benten suku ,
Nanging tetep setunggal Indonesia
Abrit pethak benderanipun
Paksi garuda simbolipun
Bhineka tunggal ika semboyanipun
Benten nanging satunggal jua
Indonesia.

Indonesia kang Siji

Agista Merdekawati

Indonesia
Ana macem - macem aneka ragam budaya
Nyawiji ing bhineka tunggal ika
Ngayom ing ngisor pancasila
Meruhi kaendahan Sangsaka

Ana akeh kabedanan suku,ras,budaya,lan agama
Ananging ora ana seteru marang ragam siji lan saliyane
Mbangun persatuan nusantara
Manunggal mbangun negara maju

Kabedanan ora ngalangi kesatuan
Kesatuan iso nggawe katentreman
Indonesia dadi siji
NKRI tekan pati

Prabeda Ora Dadi Perkara

Dening: Ahimsa Divara Nusantara

Atusan suku
Atusan basa
Ewunan adat
Mayuta-yuta panemu

Duk ing nguni,
Kasawijakake papan,
pepinginan,
lan perjuangan

He pramuda!
Aja dadi dur angkara
Ayo neruske perjuangane para leluhur kita
Bangsa Indonesia kang pimulya

Gotong Rayong

Alfian Winnar Prasetya

Indahe urip bareng
Ngajeni antar sapadha-padha
Nyambut gawe bareng
Kanggo tujuan bareng.

Abot digarap bareng
Ben krasa enteng
Lan cepet rampung.

Ing era Modhern
Gotong royong ninggal jeneng
Ora Peduli watara bebrayan
Mung ego kang utama.

Gotong royong meh mati
Toleransi mung mimpi
Individualisasi sansaya dhuwur
Kehacuran wangsa tinggal di nanti.

Hastalaku

Alfiras Rizky Aswinanda

Urip iku urup tan kena lelaku ala
Tumindake muda mudi kudu manut paugeran
Kang diwariske para leluhur bangsa
Gotong royong bebarengan mrantasi karya

Grapyak semanak,trumrap liyan
Guyup rukun sesarengan ambangun masyarakat lan negara
Lembah manah koyo ngelmu pari
Ewuh pekewuh ngajarna jalma mrih ngajeni marang warga

Ojo ninggalke sipat pangerten kang penting kanggo sesrawungan
Ugo ora lali sipat andhap ashor junjung budaya jawa kang agung
Kang pamungkas tepa selira dadiyo tonggak mrih laku para muda.

KERUKUNAN

Dening: Amelinda Zarah Okta Aprilia.

Guyub rukun ngademake ati,
kanggo mbangun swasana ingkang tenrem,
supaya urip dadi becik
lan adem ayem.

Manungsa iku makhluk sosial,
ora iso opo-opo menawi dewean,
sak lawase bakal butuhake bantuan,
uga urip mesti bebarangan.

Guyub rukun kudu dijaga,
kanthi bener lan tenanan,
supaya ora kepecah
lan dadi bubrah.

Indonesia Negara Adidaya

Arif Rizki Pambudi

Indonesiaku.....
Maneka warna suku bangsa
Maneka warna bahasa
Lan maneka warna agama
Uga sugih sumber daya
Mulane disebut negara adidaya

Indonesiaku.....
Kaya dene pelangi ana maneka warna
Indonesiaku uga pada
Beda-beda nanging tetep bhineka tunggal ika
Iki nandakke Indonesia sugih bandha
Ora mung sugih bandha
Nanging uga sugih budaya

Indonesiaku.....
Aku bangga karo negaraku
Aku tresna karo bangsaku
Ayo padha bersatu
Supaya dadi bangsa kang maju

Bhinneka Tunggal Ika

Dening : Asyfa Kirana Sari

Macem-macem etnis lan basa
Iku Indonesia
Gugur gunung ing wektu sejarah
Kanggo njaga Nuswantara
Jarno, beda kuwi apa anane
Jarno, kuwi urip miturut takdire
Amarga ora ana sing salah nalika kita beda
Beda kuwi tuwuh kanggo menehi werna
Saka Sabang nganti Merauke
Iku tanah air Indonesia
Bhinneka Tunggal Ika
Minangka semboyan bangsa
Ing kene kita ngunggahake swara
Senadyan beda, nanging tetep siji
Nguatke "Persatuan lan Kesatuan"
Negara Republik Indonesia

IBUKU KANG LEMBAH MANAH

Bilqis Kalashnicova Putri Deyastuti

Nalika sabarmu ngadepi polahku
Pielingku paring piwales
Aku bingung tanpo ibu
Banjur aku kudu pie ?

Opo mung cukup nangis
Opo mung cukup gresulo
Kamangka Eneng ibu
Siang Sarwo gemati
Siang Sarwo ngupadi
Nalika aku kleru arah
Nalika aku lagi nggresah

Ibu pancen tombo
Tombo teko loro laraku
Jampi rasa ing uripku
Maturnuwun ibu

Gotong-royong

DHEA APRILIA AYUNINGTYAS

Srengenge iki madangi dusun
Jago podho kluruk pratanda wis esuk
Embun netes ing gegodhongan
Swasana idhum lan asri ing dhusun iki
Surak-surak kerja bakti
warga padha kumpul nyawiji
Kang tansah rukun
Kanggo majukne dhusun
Gotong-royong berbarengan
Jaga kerukunan lan kekompakan
Nyingkirake sing ganggu pemandhangan
Supaya seneng lan indah sesawangan
Kanggo keresikan dhusun
Gotong-royong kanthi semangat lan rukun
Para warga padha mikul awak pisungsun
Supaya enggal rampung

Surga Sabar lan Ikhlas

Diana Rizki P.S

Lembah Mahan, gemah ripah loh jinawi
Ing sabar, ikhlas, lan dada luwih lega
Dheweke nglurug tandhing wengi
Suguhke kawruh, asa, lan becik ati

Sabar nggawe wong kang teguh
Bungah ati, ora percoyo kasebut
Ing kono, wong kang kuat ati mumpuni
Menang bencana, dilebokno kesulitan

Ikhlas yen kudu ngerti lelaku
Ora galak, tanpo nandhang soko
Bab, manungsa kudu purun lan pasrah
Dadi wong kang gedhe, ora mancuri pethak

Lingkungan

Farrelia Celyne

Lingkungan ku lingkungan ayem
Ijo seger wus kondhang ing saindenging Nuswantara
Swarane manuk ing wayah esuk

Nanging...
Delengen kahanan iki!!!
Lingkungan ora diuri-uri
Ora diudi
Kabeh wegah preduli

Jaman iki jaman lingkungan dadi rusak
Sampah mececer
Wit di tegor kanti dumeh
Kahanane panas mentang mentang

Ngakune sembada!!!
Nyatane, reti kahanan milih mlengos

Kanca... apa lila lingkungan iki bakal rusak?
Ojo dumeh.
Sak begja-begjane wong lali, ijik luwih begja wong eling.

EWUH PEKEWUH MARANG LIANE

Fulky Awwalu Dzaky Al Abqori

Regani senajan nganggo sak kata
Regani senajan nganggo ucapan "matursuwun"
Regani senajan mung mesen seng tulus lan ikhlas
Regani senajan kanggo doa sing becik
Regani senajan ora diregani

Regani senajan ora iso di duitne
Regani iku senadyan ngajeni marang manungsa
Ngajeni marang sapadha padha
Ngajeni marang apa wae lan tetep ngajeni marang wong kang ora ngajeni marang liane
Ngurmati lan pakurmatan sikap tresnani

BHINNEKA TUNGGAL IKA

Kafka Nafitsha

Kesederhanaan iku bakal kanggo Kahuripan
Dina-dina diisi karo kebersamaan
Tulung tinulung karo kekancan
Njaga atimu nuwuhake katentreman

Nuduhake kabèh masalah
Nalika bobote padha dirangkul
Nalika padhang padhang ing jinjing
Seneng ana rasa ayem.

“Beda-Beda, Tetep Kudu Siji”

khansa bil jannah

Mlebu dalu mboten tara
Ijo lan putih gode rasa
Aja wenehi bogem bahasa
Sakawané padha becik-becik sabilahé Nusantara

Sing katresnan kula bangkitan
Mangan beda, mung sak nangingan
Tinalah kula nuswantara
Bedane beda aja satu salinggunungé

Ing dina iki elmu iku munggah
Unggah-unggahé basa kang becik
Ora weruh ngopo anggone negara bejat
Padha siji, semelehane basah ngalawan kawan
Gagah kula leksana saudara

Gotong Royong

Levin Abisha Niko Belva Ovashio

Resik desa enten mriki
Enom,tuwa jaler estari
Kabeh pada Melu kerja bakti
Niat saka ing ati

Gotong royong maju bareng
Nyingkirake lingkungan pepeteng
Supaya tangsah seneng
Hasile indah kadeleng

Aja tukaran lan memusuhan
Gotong royong bisa nguwatake persatuan
Kerja bakti bisa nyambung paseduluran
Kerja bakti bisa nyambung tali kerukunan

Tepa Slira

Melati Hindah Nurnayni

Ojo nganti adem nyelimuti
Ngulurke tanganmu
Kanggo mbantu sesama
Sing kena musibah

Terus nulungi
Senajan ora tau ketemu
Amarga kita sedoyo sedulur
ngentengke beban para sesama

Tresna kaliyan tanah air

Muhamad Ihsan Zain

Nagara kang maneka ragam
Saka sabang tekan merauke
Macem-macem suku-sukune
Maneka ragam budayane

sawetara werna kulit awake dhewe
sawetara rona keyakinan awake dhewe
nanging ora tau retak persatuan
bertahan bareng mbela nusa wangsa

Sembah Pujaning Ati

Natashya Yogy Maqfyroh

Kawulo, ing tembungmu kados punika,
Pengerten kang ateges, rasa ning ati.
Ngarti sesambating jagad, awak atiku
Urip bilih kudu, mengerteni hakiki.

Siji titik, saka jagad punika mung babasan,
Dhawuh wus punika, budaya lan adat.
Aja banget rasa, sareh kang gawa seneng,
Pengerten marang setengah, budaya kita sing sakral.

Iki budaya kita, sing mung samubarang cahaya,
Suluk ing dalan, dadi wong kang mengerti.
Pengerten, tansah kulo delok ing matanya,
Sambut rasa sejatine, kanthi ati kang suci.

Pengerten, kang sayekti, wujud pengabdian.
Pengertian bali, ngelmu kang ajeng awit.
Kita wani mengerti, kang awet kahanan,
Budaya kang eling, ngersani kulo sawijining mati.

KATRESNAN MARANG WONG TUWO

Putri Amalia Wulan Ndari

Ibu, bapak
Panjenengan niku ibarat cahya
Dunya peteng lan mbuntet tanpa anane cahya
Enjing, siang, dalu, panjenengan tansah maringi terang
katresnanmu awujud cahyaning lintang

Panjenengan ingkang sampun ngrawat kula
Panjenengan tetep sabar ngadepi tingkah laku kula
Ngerawat supados dados tiyang ingkang sholeh
kula ngaturaken matur nuwun kagem sedaya kesaenanipun

Anak wedok uga anak lanang
Bektia marang wong tuwa
Papan perlindungan kanggo kulawarga
Sing ngopeni kanti tresna

Guyub Rukun

Ratna Amalia Muti'ah

Saling mengunjungi
Padha sanja sinanjan
Padha welas asih
Padha tepa slira
Padha andhap asor

Nanging... ana kang gocrah
Uga aja kang nistha
Malah ana kang seneng culika
Padha padudan karo tangga

Lha becike piye?
Ya guyub rukun
Warisane para leluhur
Kang misuwur muga sempulur

Pusakaning Indonesia

Rauzan Ra'uf Musthofa

Anugrah endah bumi pertiwi
Anugrah endah saka pusaka
Awujud asri ibu pertiwi
Kayata ha na ca ra ka

Senajan beda-beda
Warnaning basa warnaning budaya
Indonesia pusaka
Kayata da ta sa wa la

Indonesia pancasila
Kuwat prakasa pusaka garuda
Gamaning Bhinneka Tunggal Ika
Kayata pa dha ja ya nya

Tepa slira tresna ati
Guyub rukun ing budaya
Warna-warni dadi siji
Kayata ma ga ba tha nga

Garuda Pancasila Didadaku

Renata Indri Hastuti

Kesedarhanaan bekal awal kehidupa
Hari-hari menapak kebersamaan
Saling bantu membaur sesama teman
Jaga hati ciptakan kedamaian

Saling berbagi segala permasalahan
Dikala berat sama di pikirkan
Saat ringan sama dalam jinjingan
Bahagia ada rasa kedamaian

Bersatu padu ciptakan Indonesia bersatu
Bhinneka tunggal ika alat pemersatu
Garuda pancasila selalu didadaku

Gugur Gunung Nyawiji

Revalina Aulia Ramadhani

Ayo
Para kanca, kadang wredha lan taruna
Mumpung lagi gagat rahina
Hawa kang adhem aja kok gawe rasa
Ayo sengkut bebarengan kanggo rejaning bebrayan

Ati kudu Nyawiji
Tekad saiyeg kapti
Dimen lingkungan katon resik lan asri

Ijo royo-royk ndadekake resep yen dinulu
Para warga pada guyub rukun
Bangun desa nganggo tresna
Gugur gunung kang ndayani dadi kekuatan saben pribadi

Jumat bersih

Rintis Satriyo Putranto

Dina Jumat ing wanci Enjang
Suosono tasih Katon remeng
Katambah kluruk pitik kang gayeng
Katon siswa SMA kang nggrengseng

Wanci sekolah miwuti pasinaan
Katah siswa kang sami pitakon
Jumat Enjang kagem lingkungan kemawon
Kerja bakti resek pasinaan

Namung tekat saiyeg saeka Kapti
Yambut gawe barang Kanti senengan ati
Tansah sehat kang diupadi
Lingkungan sekolah kang tetep asri

Andhap Ashor?

Rizki Akbar Priyono

Ngapa kok ora dadi pari wae?
Ngapa kok milih dadi cagak?
Kamangka awakmu dadi pari
tangeh yen awakmu bisa nguripi

Neglmu pari kui
ngelmu kang adhiluhung
tinggalan e bangsa kita kang agung
sing tansah kudu disengkuyung
diudi supaya lestari
dicakne tekaning pathi

Nyawiji ing Sinoman

Satria Ramadhani

Esuk - esuk srengenge sumunar
Para muda pada ngemban karya
Guyub rukun tandang gawe
Ora beda ora siji

Angagem busana kang rapi
Percoyo ing diri
Sabyantu tanpo pamrih
Murih tugase mrantasi

"Monggo pak,Monggo buk...!"
Kanthi esem kang nengsengake
Ngatmi para tamu ngunjuk lan dhahar
Kanthi esem kang manis kang satuhu

Guyub Rukun

Shindi Citra Puspita Sari

Wektu esuk iku
Swasana kang paling penak
Pitik jago padha kluruk
Embun padha nempel ing gegodhongan

Para warga padha guyub rukun
Sesarengan mbangun langgar
Tumindak abot dadi entheng
Amarga dilakoni bebarengan

Guyub rukun dadi adat sabene
Kangge jaga katentreman bangsa
Nyiptakake swasana rukun
Kanthi ati ikhlas lan seneng

Bebarengan mbangun
Mbangun negara kang tentrem
Rukun marang sapadha
Supaya urip dadi kepenak

Nyawiji Ing Prabedan

Wahdinal Husna

Indonesia
Negri ingkang yuta-nan keberagaman
Keberagaman suku, basa lan budaya
Keberagaman kang gawe Indonesia sugih
Ngasi dikenal marang mancanegara

Sairing mlakune wektu
Kabudayan terus tuwuh lan ngembang
Ningkatake jiwa nasionalis
Kanggo para generasi enom
Ben dijogo sapenuh ati

Prabedan dudu alesan
Kanggo gawe bubrah
Keberagaman kudu dadi kebanggaan
Kebanggaan kang diduweni
Kaliyan bangsa Indonesia

Senadyan prabedane akeh
Indonesia tetep kudu
Ndadekake prabedan iku
Dadi kunci kanggo gawe
Indonesia merdeka

Nyawiji Ing Raga

Dening : Weningtyas Pribadi Utami

Diparingi Gusti prabeda
Nanging toleransi digegem atine warga
Tetep kurmat marang pepadha
Sapa sing tresna Indonesia,
bakal njunjung "Bhineka Tunggal Ika"

Nebar esem ning sapa wae
Guyon bareng tanpa mbedakake
Krasa aman ning ndi wae
Seneng tetulung bakal dibales budine
Budhaya toleransi disebarake

Arupa lintang ing akasa
Gedhe cilik ora ana beda
Kabeh ditata nelahi donya
Manungsa kudu nyawiji ing raga

EWUH PEKEWUH

Yanuar Ardi Saputra

Ewuh Pakewuh marang wong tuwa
Supaya uripmu ora sengsara
kang bisa ngliangke kang ora prayaga
uga lelaku sing becik tumraping sapadha.

Ewuh-Pakewuh ora kanggo sawetara
nanging kanggo saklawase ing donya
Lan kudu iso dadi gonhelan kita
urip bebrayan ing ndesa.

Bareng-Bareng Awak Dhewe kuat

Abdul Aziz Yunanto

Tandange padha cekatan
Suwarane dha saut sautan
Aweh semangat mring pra taruna
Ben ora lali Yen nduwe karep
Muktekake bangsa lumantar greget

Ngisi kamardikan
Kanggo pra pahlawan
Guyup tumandang ngladeni mring pra warga
Ing kesenian ulah raga, ulah rasa
Lan kaprigelan
Mudha taruna dadi pangarep Bangsa

GUYUB RUKUN

Adenila Ayu Laksmitasari.

Guyub rukun yaiku urip urip padha-padha ngajeni.
Wong sugih utawa mlarat kudu ngajeni.
Rukun kuwi sifat terpuji.
Warisan leluhur sing kudu di uri-uri

Kita kudu guyub rukun.
Guyub rukun iku penting.
Amarga manungsa mahkluk sosial.
Rukun tegese selaras lan ora tukar padu.

Guyub rukun kabeh para warga.
Mbangun karukunan bangsa lan negara.
Rukun nyiptakake seneng antar sepadha-padha.
Urip rukun, kabeh makmur.

PASATEMON

By: Adzhar

Ing sekolah iki semnagatku
Pasatemon siswa-siswa, warga sekolah
Kebak Welas lan asih
Rukun, guyub, rasa, iku sejatine

Sumilire esem, kuwi semangat
Takpethuk samudra, ing panggonan iki
Guru-guru kang wicaksana, nuduhke lampahing arah

Sira tembe-tembe, sira pangandika
Bukti pasatemon, purnama awit
Sayekti bombong manah iki
Marang kanca kabeh kang taktresnanii

Muga kanthi pasatemon iki
Tansah pinaringan rahayu slamet
Jaya jaya wijayanti sekolahku guruku kancaku

Provokator

Aikho Alegra Sampuma

Sepira gede rasa banggamu
Nyawang nagara iki ajur alon-alon
Sepira gedhe bungahmu
Ndelok bangsa iki ajur saka jero

Nagara kang ndadekake karagaman minangka identitas
Bangsa kang manunggal kanthi keberagaman
Padha perang lan bubar satunggal- satunggal
Kuwi kabeh gara garane kowe!

Wong kang mangro raine
Wong kang lunyu ilate
Kebak iri dengki ing sakjroning ati
Provokator kang ngarusak nagara sing tentrem

Padha nyebar ing kabeh kalangan
Padha-padha dadi siji karo masyarakat
Nanging watake ala kaya buta
Ndweni tujuan ngobrak-abrik kasatunggalan bangsa lan nagara

Minggu resik

Aisyah Mar'ah Sholihah

Dina minggu ing wanci esok
Jagone wes padha kluruk
Pra muda padha guyub
Mundhi dawuhe para sesepuh

Gliyak-gliyak dha tumindak
Nyekel ikrak reresik emp yak
Gawa sapu karo mesem guyu
Tandang gawe rame-rame
Kanggo mukthine kampung sek sayekti

GOTONG ROYONG

Angeli Tisla Azzahra

Endahe urip bebarengan
Nalika pada menehi pitulungan
Ora mandang saka pira pira kalangan
Dilakoni kanthi ikhlas, lan sanes ngarepake sanjungan

Gotong royong karo kanca
Isa gawe bungah ati lan raga
Lingkungan asri katata
Becike tansah kudu dijaga
Supaya bisa mbanggakake sekolahku katresna

Ibu Pertiwi

Annida Julia Puspa Seruni.

Nyawang ibu Pertiwi
Kang nandang sungkawa
Netes eluh saka ing netra
Awit kahanan kang gendra

Donyane lagi ngrasake sedih
Bangsa kang gedhe lagi dicoba
Guyub rukun wis ora ana
Crah ora enggal sirna

Ibu Pertiwi tansah nyenyuwun
Kapan pacoban iki bisa mendha
Ayo para manungsa enggal bali
Mring kang kuwasa supaya ayem tentrem
Ing tembene dadi mukti saklawase

Indonesia Raya

Arka Chandra Adiyansah

ing wektu subuh,
nalika hawa adem ngerengkuh kenceng awakku,
ing buri lawang kang ngadeng jejeg ngedangi dalan.

lagu endah lan merdu kang akrab ing kuping,
lagu endah kang nyatukke kabeh prambedan,
lagu sing nukulke rasa persatuan,
lagu sing ngobong semangat kamardikan

ora ana ing crita Ramayana,
ora uga ing crita Mahabarata,
amung ana ing njero crita Indonesia,
negara endah mayuta makna.

Reresik Desa

Arya prima Permana

Dina Minggu wayahe teka
Srengenge semburat ing angkasa
Nggawa arit lan sapu Sada
Kerja bakti reresik desa

Enom tuwa Kakung lan putri
Sak kabehe ing papan Iki
Guyub rukun dha nyawiji
Kerja bakti dadi siji
Nguri Urip dhawuhe para paniji

Pakaryan abot bisa purna
Amarga bareng tumandang karya
Bungah ati Sedaya warga
Amarga tepang Karo tangga

Bekti Marang Pertiwi

Ayu Cendikia R

Endahe urip bebarengan
Wayah esok kang guyup
Bebarengan reresik alam
Ngregane mring kang kuwasa

Guyub rukun kang kejaga
Awit resik jiwa lan raga
Nentremake pra warga
Supaya ora gocrah ing saben dina

Negriku

Azahra Limonoza Renansis

Bhinneka tunggal Ika iku semboyane
Semboyan negara Indonesia
Sing ora bakal tak lalekne
Tekane puput yuswa

Prabeda kuwi dadi daya
Lan uga dadi kaendahan
Tansah gandheng "persatuan"
Khanti esem lan pangarep-arep

Ora dadi semboyan sing sia sia
Muga bisa dadi Agung lan lestari
Lan bisa mupangati
Jayalah negriku Indonesiaku

Rewang

DZULQURNAIN

Jagone kluruk
Wayahe wes Padang
Podo guyub gumergut
Padha tumandang
Pakde...!
Bokde...!
Kang....!
Bulek...!
Padha gage jangkahake sikil
Tumuju menyang omah ndesa
Guyube sedaya
Mugo dadi daya marang sak Kabehe

Aja Gumedhe

Faiz Dwi Astuti

Awak dewe diciptakna saka ngisor
Yaiku saka lemah
Dadi aja gumedhe
Nalika ana ing ndhuwur

Ngece wong sing beda
Nganggo basa sing ala
Manungsa lali kita sing beda
Asale tetep padha saka lemah

Aja gumedhe…
Ngoyak ngimpi tanpa nglarani
dhuwur ajining diri dudu nduwur ati
Lan dadi manungsa sing akeh tresna

Manunggal Ing Prabeda

Febri Indah Nur S

Rupa - rupa nanging manunggal
Nyawiji ing prabeda
Indonesia, negara kang endah
Kanthi budaya kang nengsemake

Manunggal Ing Bhinneka
Dadi gondhelan kenceng
Kita manunggal kanggo ngadhang culika
Jer bisa dadi negara kang bakoh

Manunggal Ing Bhinneka
Ing beda - beda kita padha nyawiji
Ora ana gocrah
Bebarengan, 'Indonesia Raya'

Sareng-Sareng Rukun lan Damai

: Fitto sofyan wicaksono

Bhineka Tunggal ika,
Ing negara Indonesia,
Aji-aji bangsa,
Tinutur, tumindak rukun

Ing tirta jagad iki,
Ing ngisor, ing tengah, ing sakawit,
Tinutur ing manah,
Yen ngaluwarga ing Indonesia.

Iki sejatine baliku,
Bhineka Tunggal Ika,
Bali mring iki
Ing bingkai Bhineka Tunggal Ika.

Grapyak Marang Kabeh

Gilda Kayla Moriojo.

Ing sapa wae sing maca geguritan iki
Junjungen dhuwur grapyak semanak lan gawe becik
Ajenana tanpa kenal sapa aruhen dekne kabeh
Tudhna tembung becikmu

Aja didelok sapa kuwi
Tresna asih marang kabeh wong
Senajan mung esem
Kuwi wujud guyub kang sejati

Gotong Royong

Khusnul Khatimah

Wayah esok ana ing dusun
Maju bareng guyub rukun
Nata lingkungan ana ing dusun
Supados dadi desa kasusun

Gotong royong tetep dijaga
Supados dusun tetep tumata
Kangge sehat para warga
Masyarkat seneng kanthi mulya

Mangga masyarakat maju sareng
Nyingkerake lingkungan peteng
Supados ati tansah seneng
Ningali desa endah padeleng

PARA TANI

Livia Cahyaningtyas

Ing pategalan kang subur nyebar amba
Para tani nyambut gawe kanthi semangat
Nyisir sawah nyebar wiji
Ngluku lemah,ngurus tanduran

Kanthi katresnan lan bebarengan
Padha nyawiji, tulung tinulung
Tanpa kesel, tanpa watesan
Pundak pundak, nggayuh masa depan

Nalika musibah teka
Padha gondelan tangan tanpa ragu
Ngatur pitulungan, ngenthengake beban
Gotong royong nyebar pangarep-arep

GUYUB RUKUN

Dening: Luthfia Al Khalilah W

kerukunan....
salah sawijining watak utama
watak utama kang kudu ditrapke marang manungsa
ben urip sarwa sampurna

Urip rukun endahe ora ana tara
kaya harmoni ing orkestra kang nengsemake
awakdewe dadi siji ing jero prabedan
Nyawiji jero kedamaian tekad gedhe

urip rukun lan paseduluran
mbangun jembatan paseduluran dudu tembok pembatas
kari aben langkah aben detik
awakdewe mlaku bareng urip jero harmonis abadi

Kesatuan ing Keragaman

Muhammad Khoiri Kholilurrohman

Ing bumi Pertiwi, jagad kang amanah
Dene wong kang beda-beda warnane
Kesatuan ing keragaman, Tresna sami,
Sajroning ati, Kita tansah sejati

Dene wong kang saben daerah,
budaya, basa, lan agama kang beda-beda
Padha rukun, aman, tanpa sandiwara
Kesatuan ing keragaman
Rahayu, damai, ing sajroning rasa

Ing ketatanegaraan, Kula bakti
Marang bangsa Iki
Kesatuan ing keragaman, tindak sejati
Bhinneka Tunggal Ika, sajroning Jiwa

Semangat Iki, kang tansah langgeng
Ing ati, urip marang tanah air
Kesatuan ing keragaman, Jiwa kita,
Sajroning bumi Pertiwi, Kita padha sejati

HASTALAKU

Muhammad Rifai

Hastalaku
ana wolung tindak tanduk
ing masyarakat kudu kelakon
makarya bebarengan kanthi tulung tinulung

asor lan ngapresiasi
aja lali dha ngurmati
ing wong liya kudu peduli
ayo diwiwiti

Ning ngendi wae sing dirasa
Aja lali dadi wong sing berbudi luhur
rukun lan guyub rukun neng ndi wae
nganthi hastalaku kaleksanan

Minggu kudu Resik

Nandar Eko Saputra

Dina Minggu ing wanci enjing
Suasono tasbih Katon remeng
Katambah kluruk pitik kang gayeng
Katon para warga tangkilan RT 01/01 kang ngrengseng

Wanci enjing Wiwit jam wolu
Katah para warga mlumpuk menyang panggone pak RT
Minggu enjing kagem lingkungan ke mawon
Kerja bakti resek lingkungan

Naming tekat saiyeg saeka Kapti
Nyambut gawe bareng kanthi seneng
Tansah sehat kang dupadi
Lingkungan tangkilan RT 01/01 tansah tetep asri

ANDHAP ASOR

Nessa Azzahra

Andhap Asor...
Dadiya kaya pari
Sing mentes lan migunani
Lan bisa nguripi
Mring titahing gusti

Senajan ora gedhe kaya wit ringin
Nanging gedhe paedahmu
Bebasan dadi cagak kang kukuh
Kanggo urip kang mulya

Tepa Slira

Dening: Nindi Hapsari

Tepa slira
Kudu dijaga, kudu gelem ngilo
Bebarengan dadi siji
Laku kudu tepa slira

Beda kui ora dadi rubeda
Kudu ngajeni, kudu bebarengan
Awake dhewe kabeh kuwi kadang
Bebarengan mujudake ayem lan tentrem

Mungguh Basa

Octavia Ramadhani

Marang wong kang luwih tuwa
Becike awake dewe kudu basa
Marang wong kang luwih tuwa
Awake dewe kudu nganggo tata Krama

Unggah ungguh tata Krama
Ora bakal gawe cuwa
Mring pramuda kang utama
Guyub rukun kang disuwun
Mugi Gusti sarwa ngijabahi

Andhap Ashor

Putri Ayu

Jaman terus ngukir kasampurnaan
Akeh budaya asing kang mlebu ing negara kita
Etika alon-alon ilang
Banjur, liwat wektu basa diganti

Pergaulan sing brubah
Tembung-tembung sing apik wis anyak ilang
Sing becik, saiki padha klelep ing tata krama
Saiki tuwuhing bangsa wis lali marang wiwitane etika

Matur sing sopan
Njaga tembung sing kokaturke
Supaya pdadi idaman
Supaya wong liya ngrasa nyaman

Jaga saben tumindakmu
Supaya mbesuk uripmi padhang
Liwat tumindak lan perilaku
Ciptakko sopan lan santun

Gotong Royong

Rafly Nur Febriyansyah

Gotong royong iku salah sijine
Budaya Jawa sing patut dijaga
Makane ora mung kerjo bareng
Nanging uga nguri-uri rasa tulus lan ikhlas

Gotong royong iku ora mung nggo
Wong-wong seng duwe hubungan
Nanging uga nggo wong" seng beda latar belakang
Kerja bareng tanpa beda-bedakane
Mbangun desa

Gotong royong iku ora mung nggo wong sing kuwat lan sehat
Nanging uga nggo wong seng lemah lan lara
Nrima pisungsung tanpa rasa isin
Nyuwun bantuan tanpa rasa ewuh

Desaku Tresnaku

Randhika radya purnandito

Desaku tentrem lan makmur
Warga kang guyub rukun
Kabeh padha srawung
Padha tulung - tinulung

Sapa aruh wis dadi budaya
Unggah - ungguh kuwi sing utama
Desaku panggon ku urip tekan enom
Dolan guyon karo kanca

Senajan adoh cedak ning ati
Makarti saeka kapti
Desaku makmur lestari
Idaman kang kudu dipepetri

Gotong Royong

Rauzan Nirwa Kusuma

Abot nek dilakoni dhewe
Enteng nek dilakukne bebarengan
Ya kuwi sing jenenge gotong royong
Babagan becik sing patut dilakoni

Bab kang wigati tan bisa nyawiji
Kanggo ngreksa desa ing bumi pertiwi
Desa kang makmur kang murakabi
Marang prawarga kang tansah di pepeti

Abot enteng dilakoni
Kuwi dadi dayane
Tanpa gotong royong
Indonesia bakal ajur mumur
Tangeh lamun bisa makmur

Ilange Garudaku

Salsabila Az-Zahra Aveananta

Limang pilare bangsa kang wus sirna maknane
Tamenging dhadha kang tumiba lemah
Wulu wulu sumebar ing langit dhuwur
Nyengkerem semboyan

Apa isih ana panguripan?
Panguripan lumaku tanpa arah
Kang Maha Kuwasa tan kasembah
Ing sangareping salembar kertas kang tanpa nyawa
Kabeh wong tunduk ing printahe

Jejeg nganggo dasi lan dhuwur posisi
Ngiles para rakyat kang tanpa daya
Endi hakku?
Endi kang kok arani adil kanggo aku?

Pungkase Sang Garuda nyuwara
Ing langit peteng dheweke mibar
Nanging emase luntur
Ireng kelaran

Sang merah putih mandheg klebete
Garuda ora meneh nyengkerem Bhinneka
Kabeh padha mbengok "PANCASILA"

Sang Garuda wus adoh
Semboyan wus ora dicengkerem
Wus ilang artine nyawiji
"Bhinneka Tunggal Ika" wus kekubur ing jero

Guyub Rukun

WIWIN RAHAYU SETYANUNGSIH

Guyub rukun...
Salah sawijining tumindak kang becik
Tumindak kang kudu dilakoni
Kang bisa gawe urip ayem

Urip ing donya
Kudu Guyub rukun
Guyub duweni teges tumindak bareng
Lan rukun duweni teges urip kang selaras

Guyub rukun iku penting
Kekancan apik ana ngendi wae
Supaya bisa nyiptake guyub rukun
Kanggo kemamuran urip

Nyawiji

Dening: Zabrina Anindya

Negriku Indonesia
Najan akeh prabeda
Ras, suku, budaya, lan agama
Nanging tetep ngurmati siji lan liyane

Bedo tegese ora guyub
Kabeh nyawiji kanggo negaraku
Nut semboyane 'Bhinneka Tunggal Ika'
Najan bedo nanging tetep nyawiji

Beda Cen Ora Pada

Zasfa Adzania Bunga Fredika

Para leluhur wes ngendika
He pra taruna
Ayo dha nyawiji
Beda budaya dudu pepalang
Beda bangsa Dudu alangan
Becik nyawiji kanggo luhure negri
Supaya bumi Pertiwi
Ayem tentrem
Guyun rukun
Andhap asor
Grapyak semanak
Lembah manah
Ewuh pekewuh
Pangerten
Tepa slira
Gotong royong
Ayo padha katindaknaaaa!!!!!

Gegayuhan Bisane kasembadan

Zaskia Putri Indah Sari

Cita-cita ku
Esuk budhal sekolah
Sore nyekel buku
Awan dakngo turu
Mung arep nggayuh cita-citaku

Yen dak rasa ora ana wektu dinggo seneng atiku
Aku sinau saben dina
Tansah manut dhawuhe wong tuoku
Supaya aku dadi bocah pinter

Ing tembe bisa mujudke cita-citaku
Bisa mendhem jero lan mikul dhuwur marang wong tuwa
Bisa mulyake wong tuwaku
Lan utamane bisa bekti marang wong tuwaku

BENTEN NIKU ENDAH

Dening: Abel Ayu Ariyanti

Indonesia sanes namung suku Jawi
Ananging saking Aceh ngantos pulau Liki
Ngantos dinten puniki
Wonten tigang dasa wolu Propinsi

Budaya, adat, lan keyakinan saben tiyang benten
Upacara, griya adat, lan tradisi saben tlatah uga benten
Nanging mboten dados pambengan kerukunan ingkang wonten
Lan bangsa dados ayem tentrem

Ewonan pulo lan suku sedaya bersatu
Pambedan kang wonten dados pemersatu
Kangge setunggal tujuwan ingkang tinuju
Kangge Indonesia maju

Ayo Gotong Royong

Dening : Abiyu Fadlan Purnama Saputra

Urip gotong royong kang pinatri ing telenging nala
Tindakna ywa nganti kepeksa
Kudu lila legawa
Sepi ing pamrih rame ing gawe
Iku semboyane

Kembang-kembang terong
Mbang terong megare sore
Ayo gotong royong
Gotong royong nyambut gawe

Kembang-kembang lembong
Mbang lembong dironce-ronce
Ayo gotong royong
Guyup rukun kabeh wargane

Andhap Ashor

Dening : Rijal Ahnaf Makarim

Ketungkul Marang Kalungguhan, Kadonyan lan Kemareman
Ngluruk Tanpa Bala, Menang Tanpa Ngasorake,
Sekti Tanpa Aji-Aji, Sugih Tanpa Bandha
Datan Serik Lamun Ketaman, Datan Susah Lamun Kelangan

Sepi ing Pamrih Rame ing Gawe,
Banter tan Mbancangi, Dhuwur tan Ngungkuli
Aja Gumunan, Aja Getunan, Aja Kagetan, Aja Aleman
Aja Milik Barang Kang Melok, Aja Mangro Mundak Kendo

Sura dira jayaningrat, lebur dening pangastuti
Dane lamun tan miraos yen amuwus, luwung umandela
ananging ingkang semu wingit
Ambeg utama lan andhap asor

Gotong royong

Dening : Ananda Rasya Putra Pratama

Wus dadi kodrate
Manungsa tan bisa urip dhewe
Saka lahir tumekeng patine
Tansah gumantung sapepadhane

Mula, urip gotong royong kang pinatri ing telenging nala
Tindakna ywa nganti kepeksa,Kudu lila legawa
Sepi ing pamrih rame ing gawe
Iku semboyane, Mempeng makarya kiwakna sesulih

Kabeh pakaryan linakwan
Kanthi seneng ulat padhang tan nggresula
Urun bau suku, penggalihan, apadene redana
Kanthi dhasar karukunan

LEMBAH MANAH

Dening : Eskiela Vatsabel Agatya

Lembah manah…
Yaiku pangerten ingkang kathah budi
Kagungan watak ati ingkang luhur, remen ngalah
Lan ngayomi kalih sakabehe

Lembah manah…
Yaiku kabagyan jiwa ingkang sanyata
Ndamel kita kalis saking watak srei
Ndamel kita ditresnani sakabehe

Lembah manah niku kados banyu
Saya enten awakmu, saya ngalir
Saya gadhah ilmu ingkang luwih
Saya lembah manah wujude

Gotong Royong ing Desaku

Dening : Mukti Cahyo K

Nalika desaku lagi butuh bantuwan
Wong-wong padha sambut tenaga
Kudu padha nyumbang tenaga lan pikiran
Kudu padha nyambut gawe bareng-bareng

Nalika desaku lagi gawe dalan anyar
Wong-wong padha makarya
Kudu padha nyengkal lemah lan pasir
Kudu padha nyetel batu lan semen

Nalika desaku lagi gawe mushola anyar
Wong-wong padha kerja
Kudu padha nyumbang tenaga lan barang
Kudu padha nyetel genteng lan kayu

Nanging nalika desaku wis rampung gawe
Wong-wong pada seneng lan bombong
Kudu padha ngrasakake hasil kerjane
Kudu padha ngrasakake guyup rukune

Matur nuwun marang Gusti kanggo berkahe
Matur nuwun marang wong-wong kanggo bantuwane
Muga-muga desaku tambah maju lan makmur
Muga-muga wong-wong tambah guyup lan rukun

Dina Minggu

Dening: Rio Aditya Cahya Syuhada

Dina prei sing daktunggu
Para warga padha ngumpul
Gotong-royong kanggo ngresiki desa
Supaya desa resik santosa

Piranti-piranti kanggo kerja bakti
Arit, pacul dadi pirantine
Icip-icip sampun disiapke
Supaya bisa sarapan bebarengan

Iku dilakoni supaya ngeratke silaturahmi
Supados warga luwih rukun
Iku kabeh disiapke dening warga
Gotong royong kang indahe nyata

Grojokan

Dening :Ananda Faturrohman

Srengenge esuk
Madhangi bumi lan langit
Ndadekke pangarep-arep anyar
Angin sumilir
Gegodhongan ijo royo-royo
Kembang mekar taman katon endah
Nyebar wewangian sing wangi

GOTONG ROYONG

Dening: Arista Latif Nuraliza

Gotong royong …
Tolong-tinulung bebarengan
Supaya akur marang wong liyan
Uga nguwatake tali seduluran

Gotong royong …
Kabeh nyatu dadi siji
Ora mandang latar mburi
Kabeh wong dadi sawiji

Gotong royong …
Dilakokake kapan wae
Lan dudu pagawean ala
Mesti bakal ana manpangate

Guyub Rukun Marang Manungsa

Dening : Meriko Ayunda Imannuela Puspaningrum

Menungsa duwe kewajiban kanggo jaga guyub rukun
Guyub rukun agawe donya sayuk
Guyub rukun agawe donya rukun
Guyub rukun agawe donya makmur

Ana katentreman amarga guyub rukun marang sapadha
Guyub rukun iku penting kanggo donya lan negara
Apa dadine manawa donya iki ora ana guyub rukun

Apa donya iki bakal sayuk, rukun lan makmur?
Ora! lan ora bakal ana!
Donya bakal rusak
Bakal akeh menungsa kang congkrah laro sapadhane
Bakal akeh gegeran liyane
Manungsa duweni sikap maneka warna
Mula, jaga patrap tumindha ing sapadha

Guyup Rukun

Dening : Inggit Putri Mahanani

Guyup rukun....
Salah sawijining watak kang becik
Watak kang patut dilakoni
Kang bisa gawe tentreme ati

Guyup rukun....
Sapadhane kudu guyup rukun
Sapadhane tangga kudu guyup rukun
Ora kena ana tukaran

Kabeh kudu duweni sipat iki
Sipat kang bisa dadekake nyawiji
Kang agawe urip tentrem
Uga swasana kang adem ayem

GOTONG ROYONG

Dening : Yellena Rosalyna

Dinten minggu wayah esuk
Semburat baskara ing sisih wetan
Para warga ayo mlumpuk
Nglasanakake gotong royong ing dusun

Papan reget diresiki
Kalen-kalen dibesiki
Suket-suket dibabati
Kareben desane katon asri

Sak kabeh warga enten mriki
Reresik desa sampun diwiwiti
Gotong royong ngluhurake ati
Gotong royong awujud cinta sejati

Gotong Royong

Dening : Cerlicia Putri Tanjois

Gotong royong
Budaya becik sing lestari
Padha-padha sayuk lan guyub

Kula lan sampeyan
Padha-padha mujudake cipta
Ing desa, ing kutha
Padha-padha gotong royong
Gotong royong kang sanyata

LEMBAH MANAH

Dening : Kayla Bellarenza Rezaka

Lembah manah…
Yaiku kesabaran ingkang kathah pangerten
Kagungan watak ati ingkang sae, remen mitulung
Lan peduli kalih sakabehe

Lembah manah…
Yaiku kebagyaan gesang ingkang sakbenere
Ndamel kita kalis saking watak tamak
Ndamel kita diremeni sakabehe

Lembah manah niku kados tandhuran pantun
Saya enten isine, saya dingkluk
Saya gadhah ilmu ingkang dhuwur
Saya lembah manah watake

GRAPYAK SEMANAK ING PAWIYATAN

Dening : Maura Angelica Fransadinar

Lelana ngudi ngelmu,
Sajroning nyinau miguru,
Ing pawiyatan kanthi mituhu
Ora golek drajat lan pangkat,

Uga dudu papan kanggo golek kondhang kawentar,
Ananging pawiyatan iku dadi hak kang kudu diudi,
Minangka papan kanggo ngrembakakake kabisan lan kaprigelan,
Mranata diri pribadi lan ngrembakakake kawasisan.

GRAPYAK SEMANAK

Dening : Haifa Nur Rifdah

Kala manah saweg mendung
Nanging, wonten suwanten alus ingkang ngulemi
Aruh-aruh kalih lesan
Lan dipunsanjangaken kalih manah

Wanci kawontenan manah saweg susah
Wonten gumujeng lan sapa ingkang mandeng
Kados srengenge nalika mendung
Lan ndamel manah dados bingah

Mekaten kala wau ingkang dipun wastani grapyak semanak…
Ingkang lajeng dados panutan
salebeting kita ing pasrawungan
Supados aman lan nyaman

HASTHALAKU

Dening : Muna Dandya Andini

Guyub rukun iku kudu
Ewuh pakewuh iku prelu
Nanem bungah tansah welas asih
Sapa nandur bakal ngunduh

Laku jiwa kudu prawira
Bubar rampung ora nggresula
Ati loma marang sesama
Kareben urip rukun ora getun

Ancas apik pancen becik
Ayem tentrem rasa ati
Patrap leres ing slira
Kanggo cipta asih jiwa

Guruku Pelita Jiwaku

Dening : Adenia Ahda Amira

Luhur ing budi, teguh ing ati
Guru Mulya, kang murah ati
Guru kang dadi penerang
Tinemu ilmu ingkang padang

Dwija, pendhidhik, pelita jiwa
Kang ngajari lan wejangi kita
Kanthi sugihing ati, lan rasa kang sejati
Sejatining guru, luhur budi nurani

Panjenengane ngluhurke budi
Kanthi tindak tanduk tanduk lan tutur
Maringi kawruh kanthi sabar
Matur sembah nuwun kawula aturaken dumateng pelita jiwaku

BHINEKA TUNGGAL IKA

Dening : Nanditya Nia Rahmadhani

Indonesia
Negara kang sugih
Adat istiadat lan budaya

Menika sing diarani….
BHINNEKA TUNGGAL IKA
Kang dilambangke Garudha
Kang dadi simbolis kekuwatan
Lan werna emas nglambangke Kamulyan

Keragaman Indonesia
Nguatke tali paseduluran
Siji lan sijine
Nyawiji dadi siji

GUYUP RUKUN

Dening: Ghifari Azhar

Guyup rukun
Yaiku sipat kang becik
Sipat kang patut ditiru lan dituladhani
Bisa agawe tentreme ati

Guyub rukun iku penting
Amarga manungsa iku makhluk sosial
Ora bisa urip dhewe

Guyup rukun
Kekancan apik ana ngendi wae
Ayo padha guyub rukun
Supaya ayem Tentrem

Gotong royong

Dening : Nayla Sari

Srengengene padang njingglang
Kabeh bebarengan ngresiki desa
Sing maune abot dadi enteng
Sing maune suwe dadi cepet

Srawung rukun siji lan sijine
Grapyak kaliyan wong akeh
Kagiyatan mulya kang becik
Sing kudu dilestarikke

Kanggo kerukunan Desa
Bebarengan nglakoni gotong royong
Supaya masyarakate rukun
Nduweni lingkungan kang ayem lann tentrem

Andhap Ashor

Dening : Selvia Putri Ramadhani

Wektu terus ngukir kasampurnan
Tatakrama nyimpang saka anane
Tamu manca nyuda wicarane wong pribumi
Wis ilang banjur basa diganti basa sing lagi trendi

Tuladha sing apik wis ilang
Unggah-ungguh sansaya luntur
Rasa nutupi tata krama
Saiki bangsa wis lali marang etika

Ngomong kanthi sopan
Jaga saben tembung
Supaya bisa guyub
Saben uwong krasa aman

Jaga saben tumindak
Supaya kabeh rukun
Uripmu seneng lan mapan

Gotong Royong

Dening: Muhammad Afrian Kurnia Rahmanto

Warga desa
Jaler estri enom tuwa
Saiyek saeka praya
Padha ngumpul ing Baledesa

Guyub rukun tandang gawe
Reresik lingkungan desane
Bebarengan karo tanggane
Amrih endahing desane

Kanthi geguyonan
Ngresiki kalenan
Supaya banyune ora kesumpetan
Desane aman ora kebanjiran

Gotong royong iku lur
Minangka kabudhayan luhur
Ayo padha diuri-uri lur
Supaya rakyate uripe makmur

Gotong Royong

Dening: Rachel Dwi Amelia

Gotong royong ndadekake urip luwih bungah
Bebarengan ngajeni sapadha
Ora wedi ngadhepi prakara
Sregep bebarengan nglairake karya

Ayo bebarengan padha nguwatke ati
Padha bebarengan bangun negeri

GUYUB RUKUN

Dening:Azizah Monika Maysaroh

Dina Minggu libur ana ing dhusun
Paguyuban warga kang tansah rukun
Ngrembug perkara ngrembakaning dhusun
Resik lingkungan kaprogram lan kasusun

Gotong royong sedherek padha maju bareng
Nyingkirake samubarang kang gawe peteng
Supaya kabeh warga ngrasakake seneng
Asile kang endah edipeni bisa kadeleng

Kabeh iku mau mung kanggo sehate warga
Gotong royong guyub rukun padha dijaga
Supaya desane ayem tentrem tetep tumata
Urip bebrayan sih katresnan tansah mulya

Gugur Gunung

Dening : Astie Amanda Salsa Billa

Sesarengan, tulung-tinulung
Sugih mlarat pada srawung
Paring kinasih ugi dijunjung
Wujud nyatanipun gugur gunung

Gugur gunung cancut taliwanda
Saben tiyang gadhah kuwajiban, boten kalimengan
Boten tepang sayah, boten tepang nyerah
Benter lan jawah mboten dados pambengan

Boten wonten wates nyawiji
Tangan gandengan, sami ngertos panggalih
Ngajengaken kawigatosan wargi
Sengkuyung gugur gunung lebeting panggalih

Bekti lan Andhap Asor

Dening : Alyssa Salma Nur Sabrina

Sabar lan sareh kudu ngrembaka ing ati
Tumata olah nglakoni urip
Imane ditata uga dijaga
Asore kahanan kudu disabari

Aja dumeh bisa catur
Tabur budi ingkang becik
Kanggo sanguning urip marang sapadha
Rukun tentrem ngayomi agung

Ewuh pekewuh unggah-ungguh
Jinunjung ruyung tanpa ujung
Urip rukun tanpa ujung
Kang gawe tentrem pinayung

Lathi

Dening : Bilqis Cahyaning Amin

Lathi
Isa nggawe ajining dhiri
Uga isao nggawe ala ing dhiri
Kanggo sapa wae kang ora bisa njaga lathi

Akeh suku lan budaya
Kabeh ana ing nageri iki
Urip rukun saling ngurmati
Jaga lathi lan patrap

Ora mungkiri luwih landhep saka blati
Nanging isa ngademake ati
Kudu isa ngati-ati
Lan kudu isa dijaga nganti mati
Supaya ora nggawe ala ing dhiri

Pawiyatanku

Dening : Cynthia Nur Laili Hidayah

Ayo kanca-kancaku
Kita sareng-sareng jaga lingkungan kita
Kita bisa gunakake sulak lan sapu
Kangge jaga keresikan sekolah
Indahe sekolahku
Resik lan nyaman ing sekolahku
Sekolahku papan kagem kula pados ilmu
Kula sinau kangge nggayuh cita-citaku

Gotong Royong

Dening : Kaluna Zahwa Kamilla

Dina minggu aku sakanca ing dusun
Swasana tasih katon remeng
Enom tuwa kabeh padha kerja bakti
Reresik lingkungan program kasusun

Gotong royong maju bareng
Kerja bakti reresik lingkungan
Supaya tangsah regeng
Hasile indah kadeleng

Kanggo sehate warga
Prakaryan abot bisa purna
Amarga bareng tumandang karya
Masyarakat urip kanthi reja

Gotong Royong

Dening : Mutiara 'Azizah Adriansyah

Gotong royong iku bisa agawe kabecikan sakabehe
Enteng yen akeh sek ngewangi
Abot yen ditindhakake dhewe
Krasa suwe yen ditindhakake dhewe
Cepet yen ditindhakake bareng-bareng
Kuwi jenenge gotong royong
Kuwi pentinge gotong royong
Gotong royong iku jati dhiri bangsa Indonesia

Sumunaring Bagaskara

Maynida Zahara Muhaqiqah

Sumringah sunare bagaskara
Anggawa cahya kanggo sedaya
Padhang sumilak nyorot bawana
Saking Gusti kang Maha Kuasa

Tumindake padhang anglir baskara
Paring esem kang nengsemi ati
Eseman kang mranakke ati
Ndadekake karaharjan tumrap sedaya

Indahing Guyub Rukun

Dening : Fachra Adisti

Kaendahane urip bebarengan
Yaiku ngurmati saben liyane
Kerja bareng-bareng
Kanggo tujuwan bareng-bareng

Susah digaweni bebarengan
Bakal krasa entheng
Lan cepet rampung

Ing jaman modern
Gotong royong wis jarang dilakoake
Ora preduli siji lan sijine
Mung ego sing didisikne

Gotong royong wis kalalekake
Toleransi mung dadi impen
Individualisasi sik digedhekne
Rusak bangsa manawa terus-terusan kaya ngeneki

Guyub Rukun

Dening : Fahrizal Is Prakosa

Guyub Rukun
Salah sawijining watak kang becik
Amarga bisa gawe urip mulya
Lan ati rasane tentrem

Guyub rukun iku penting
Amarga manungsa iku makhluk sosial
Manungsa ora kena urip dhewe
Urip bebarengan lan ora tukar padu

Sayuk Rukun

Dening : Prasasti Ayu Wardhani

Delok kahanan omahmu
Apa bisa diarani rukun?
Delok kahanan dusunmu
Apa bisa diarani rukun?
Rukun iku urip bebarengan
Seneng, sedih, susah, kabeh bebarengan
Lan amarga urip bebarengan
Bisa kacipta sayuk rukuning kahanan
Slasa bisa ganti senen
Awan bisa ganti bengi
Nanging swasana rukun iki
Aja nganti ilang kepati

TANGGA TEPARO

Dening : Nadila Sekar Ayu Junneta

Tak sawang swasana desaku esuk kuwi
Mripatku nyawang kemruyuke para tangga
Hawane seger marai ati ayem
Jeroning swasana tentrem lan mardika

Tangga teparo iku sedulur cedhak sabendinane
Aja nganti ana cecongkrahkan
Utawa nggawe lara ati
Guyub rukun karo tangga teparo bisa ndadekake ayem tentrem

Sega sepiring bisa dipangan bebarengan
Aja mundak medit marang tangga dhewe
Senajan jaman sangsaya maju
Guyub rukun marang tangga aja nganti luntur lan dilalekake

Tlatah Jawa Lan Budayane

Dening : Fatin

Tlatah Jawi
Kaloka Hasthalakune
Hanjunjung guyup rukun saben dinane
Grapyak sumanak wargane
Alus luhur, prasaja bebudine
Ewuh pakewuh uga tepa selira marang liyane
    Saiki, kabeh mau ana ngendi?
    Ilang, ilang katranjang jaman
    Sajake kabeh ora preduli
    Kabeh lali budaya Jawi
    Kabudayan sing biyen diuri-uri
    Diugemi, diopeni kanthi premati
Saya dina sangsaya ilang
Solah bawa nerak subasita
Tanpa lingsem marang wong liya
Tan nora ngugemi undha-usuke basa
Mula, padha hanyengkuyung bebarengan nguri-uri
Supaya budaya Jawi tansah lestari

Dhusun

Dening: Nurul Athifa Nathania

Ing lebeting dhusun ingkang mulya
Wonten gotong royong antar warga
Ingkang nggadhahi tujuwan padha
Yasa dhusun sareng-sareng

Kawontenan remen sareng tangga
Nggujeng bingah lan bingah
Paksi ing wit nggih tumut sumawara
Indahipun gotong royong antar warga

Gotong Royong ing Sekolah

Dening: Sherly Anggraeni

Sekolahku reged banget
Lagi ditinggal prei seminggu, wes kaya omah angker
Sampah-sampah sing sumebar ing saben pojok sekolah
Uga godhong-godhongan sing wis numpuk akeh
Kelasku ora kalah reget
Sawang-sawang bledug neng sudut kelas
Sampah plastik numpuk neng laci
Lan ana kelas sing becek amarga atape bocor
Bapak ibu guru langsung nganakake kerja bakti
Ana sing nyapu kelas, ana sing ngepel
Guru guru nyapu latar sekolah
Para karyawan ndandani plafon
Gotong royong ditindakake kanthi seneng
Ora pati kesel amarga dilakoni bebarengan
Kabeh nduwe tugas dhewe-dhewe
Supaya cepet rampung lan bisa
nindakake kagiyatan pamulangan

Tata Krama

Dening : Radin Chourida Safa Sasmityas

Ayo para kanca nguri-nguri budaya Jawa
Ayo padha sinau tata krama lan rasa
Ayo padha ngawiti nata laku
Lelaku kang becik sing kudu ditiru

Tata krama saiki wis pada dilalekna
Ayo kanca miwiti pada diuripna
Muga-muga isa dadi ngrembaka
Isa turun temurun ngasi putu lan putra

Andhap Asor

dening Citra Annisa Aulia

Urip ning donya ora salawase
Kudu bisa nglakoni
Apa dhawuh lan larangane Gusti
Awake dhewe ora urip ijen
Ning ngendi wae mesthi ana titah liya

Amarga kuwi,
Watak andhap asor lan welas asih kudu nyawiji ning ati
Prayogane urip iku ngajeni liyan
Kanggo apa urip yen ora rukun karo liyan,
Sepi,
Wedi,
Kaya wong bingung
Panyuwune aja sora
Ing pangarsane Gusti Allah kabeh padha

Ewuh Pekewuh

dening: Ely Yuni Lestari

Kahanan jaman saiki
Patrap para mudha mudhi
Padha ora ngati-ati

Polahe saiki ora ana aturan
Kaya kitiran ucul-uculan
Ewuh pakewuh kudune dadi pathokan
Pathokan kanggo tingkah kesopanan

Ewuh Pekewuh iku babagan penting
Kudu ditrapake lan dieling-eling
Marang tiyang kang luweh sepuh
Uga marang kanca-kancane

Ewuh Pekewuh mujudake luhur bebudenmu
Nuwuhake urip tentrem prasaja
Ewuh Pekewuh kudu ana ing sliramu